



SOAL

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GASAL SMP TAHUN PELAJARAN 20. / 20..

K-1
3

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VII (Tujuh)

Hari, tanggal :
Waktu :

PETUNJUK UMUM:

1. Tulislah lebih dahulu nama, nomor peserta, dan kelas pada lembar jawab yang telah tersedia!
2. Bacalah lebih dahulu setiap soal sebelum Anda mengerjakan!
3. Kerjakan lebih dahulu soal-soal yang Anda anggap mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas!

SELAMAT MENGERJAKAN!

PETUNJUK KHUSUS:

- I. Pitakon nomer 1 nganti 40 wangsulana kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa sing pratelan kang mathuk ana ing lembar jawab kang cumawis!

Wacanen kang premati (kanggo pitakon nomer 1 - 4)

Nalika Esti arep mlebu sekolah sepisanan, atine seneng banget amarga dheweke bisa ketampa ana ing SMP sing dadi idham-idhamane. Malah wiwit Esti isih ana ing SD, dheweke wis kepengin banget sekolah ing kono. Mula saka kuwi, Esti sewengi ora bisa turu nglipus. Bola-bali Esti pijer ngilir amarga wedi yen kerinan. Kajaba seneng, atine Estiuga dheg-dhegan amarga mikir kepriye mengko yen mlebu sepisanan kamangka dheweke durung duwe kanca.

1. Irah-irahan (judul) kang trep kanggo wacan ing ndhuwur yaiku
A. Mlebu Sekolah Sepisanan
B. Duwe Kanca Anyar
C. Dadi Murid Anyar
D. Ketampa ing SMP
2. Esti sewengi ora bisa turu nglipus amarga
A. kepengin mlebu sekolah
B. wedi yen kerinan
C. atine dheg-dhegan
D. durung duwe kanca

3. Tembunge liya kerinan yaiku
A. ketrucut
B. kebacut
C. kepadhangen
D. kewengen
4. Esti kepengin sekolah ana ing SMP sing dadi idham-idhamane
A. nalika ujian SD
B. sadurunge mlebu SD
C. wiwit isih ana SD
D. nalika ujian SD
5. Ing ngisor iki kang ora kalebu jinising wacana yaiku
A. narasi
B. deskripsi
C. persuasi
D. notasi
6. Ing ngisor iki titikane utawa ciri-cirine wacana narasi, **kajaba**
A. mung asipat non fiksi
B. isine crita, kisah, kedadeyan
C. duwe tujuan mbujuk
D. ana tanda nggawe

dina kamardikan.

7. Panulise ukara sing bener yaiku
 - A. Bu Dewi guru basa Jawa.
 - B. Bu Dewi guru Basa Jawa.
 - C. Bu dewan guru basa Jawa.
 - D. Bu Dewi guru Basa Jawa.
8. Narasi kang ngandharake kepawarta duwe ancas menehi ngerti marang para pamaos supaya tambah gamblang lan tambah pangertene. Kayata *biografi*, *autobiografi*, lan *laporan perjalanan*, iku diarani
 - A. eksploitatif
 - B. ekspositoris
 - C. fiktif
 - D. imajinatif
9. Tujuanane nulis karangan narasi yaiku
 - A. njembarake kawruh
 - B. nggolek pengalaman kang endah
 - C. menehi wawasan
 - D. menehi ngerti utawa informasi
10. Sekawit langite ***padhang ndhrandhang***, weruh-weruh dadi peteng ndhedhet lelimengan.
Tembung kang kacithak miring kalebu jinising tembung
 - A. garba
 - B. rurabasa
 - C. saroja
 - D. entar
11. Raden Gathutkaca satriya kang gagah ... sekti mandraguna.
 - A. dhuwur
 - B. prakosa
 - C. gedhe
 - D. andhap asor
12. Ukara-ukara ing ngisor iki kang **ora** kadunungan tembung saroja yaiku
 - A. Mengeti dina kamardikan para mudha padha gotong royong resik-resik desa.
 - B. Para warga sengkut gumregut anggone tumandang gawe.
 - C. Kabeh padha aweh sumbang surung kanggo majune desa.
 - D. Mudha mudhi uga melu mengeti

Gatekna Tembang iki (kanggo pitakon nomer 13 - 21)!

Deduga lawan prayoga,
myang watara reringa ajwa
lali,
iku perabot satuhu, tan kena tininggala,
tangi lungguh angadek tuwin lumaku,
angucap meneng anendra, duga-duga aja
keri.

(Wulangreh)

13. Tembang macapat ing ndhuwur jenenge

....

- | | |
|------------|-------------|
| A. Pangkur | C. Kinanthi |
| B. Mijil | D. Gambuh |

14. Sekar macapat ing nginggil wonten
setunggal

- | | |
|----------|-------------|
| A. gatra | C. pupuh |
| B. pada | D. wilangan |

15. Tembang macapat ing ndhuwur
pethikan saka serat Wulangreh
anggitane

- A. Mangkunegara IV
- B. Pakubuwana IV
- C. R.Ng. Yasadipura I
- D. R.Ng.Ranggawarsita

16. Tembang kasebut awèh pitutur wong
urip iku ora kena ninggalake babagan

....

- | | |
|--------------|-----------|
| A. pangerten | C. deduga |
| B. kawruh | D. bandha |

17. Isine tembang ing ndhuwur kasebut ing
ngisor iki, **kajaba**

- A. panimbang-nimbang ing kabecikan.
- B. bab panimbang-nimbang iku cara kang bener.
- C. aja lali tansah ngati-ati.
- D. ninggalna panimbang-nimbang bab kabecikan

18. Tembung **nendra** ing larikan tembang
ing ndhuwur tegese

- | | |
|------------|----------|
| A. mangan | C. turu |
| B. omongan | D. mlaku |

19. Iku perabot satuhu
Tegese **iku** cara kang

....

- | | |
|---------------|----------|
| A. ora bener | C. bener |
| B. nora becik | D. becik |

20. Tembang macapat ing ndhuwur duwe watak

- A. susah C. nglangut
- B. seneng D. sereng

21. Guru wilangan larikan sepisan tembang macapat ing ndhuwur ana

- A. 7 C. 11
- B. 8 D. 12

....

- A. lagu C. gatra
- B. wilangan D. pada

Gatekna tembang iki (kanggo pitakon nomer 22 - 24)!

Maskumambang

Nadyan silih bapa biyung kaki nini,
sadulur myang sanak,
kalamun muruk tan becik,
nora pantes yen den
nuta.

22. Gatra/larik ing ngisor iki, kang guru wilangane padha gatra kapindho tembang Maskumambang ing ndhuwur yaiku

- A. Miwah bapa biyung
- B. Iku pantes sira tirua ta kaki
- C. Amuruk watekan becik
- D. Iku kaki estokena

23. Guru lagu gatra kapisan tiba swara

- A. a C. u
- B. i D. e

24. Nora pantes yen den nuta tegese kasebut ing ngisor iki, **kajaba**

- A. ora patut yen ditiru
- B. ora pantes manawa dinut
- C. ora ditiru manawa ala
- D. ora patut manawa dianut

25. Pak Guru mundhut priksa bab kepriye guru gatrane tembang macapat sing lagi disinau. Kanggo ngaturi wangsulan iku, mula sing kudu ditindakake para siswa yaiku

- A. ngetung cacahé wanda saben gatra
- B. nliti tibaning swara ing pungkasan ing gatra
- C. ngetung cacahé gatra saben sapada
- D. nliti bab tegese tembung-tembung

26. Cacahing wanda (suku kata) saben larik ing tembang macapat diarani guru

27. Ing kabudayan Jawa, tembang kaperang dadi 4 (papat) yaiku kasebut ing ngisor iki **kajaba**
- A. macapat C. gedhe
B. tengahan D. campursari

Wacanen kanggo pitakon nomer 28-30!

Kang sekar pangkur winarna,
lelabuhan kang kanggo wong ngaurip,
ala lan becik puniku,
prayoga kawruhana,
adat waton puniku dipunkadulu,
miwah ingkang tata krama,
den kaesthi siyang ratri.

28. Isine tembang ing ndhuwur kasebut ing ngisor iki, **kajaba**
- A. kabecikan kanggone wong urip
B. golek bandha awan bengi
C. nggatekake adat utawa pakulinan
D. tata krama tansah diudi
29. Tembung **ratri** ing larikan tembang ing ndhuwur tegese
- A. enjing C. sonten
B. wayah D. dalu
30. **Prayoga kawruhana** tegese becike
- A. mangertenana
B. kandhanana
C. critakna
D. dhelikna
31. Gatekna!
1. adhem ayem
 2. babak belur
 3. dewa dewi
 4. sanak sedulur
- Kang **dudu** tuladhane tembung saroja tinemu ing nomer
- A. 1 C. 3
B. 2 D. 4
32. Bukune Wursita Basa adhiku disilih Suparman arep dinggo sinau. Sing kalebu tembung lingga yaiku
- A. bukune C. disilih
B. adhiku D. sinau

33. Ukara ing ngisor iki sing tembung kriya ora oleh ater-ater anuwara yaiku
 A. Pak Wahyu nandur gedhang.
 B. Budhe Karti tuku jadah.
 C. Pakdhe Supri nggraji kayu.
 D. Mas Danu menek kambil.
34. Bapak oleh-oleh Pak lik.
 Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara ing ndhuwur yaiku
 A. maringi C. nyaosi
 B. nyukani D. menehi
35. Bapak, menawi panjenengan mboten kersa ngunjuk kula ugi mboten ... ngombe.
 A. ajeng C. purun
 B. arep D. kersa
36. Pak Daliman tindak kantor sepedha.
 A. numpak C. nitih
 B. nunut D. ndherek
37. Pak Sukirman saking kantor jam 14.00 WIB.
 A. mulih C. wangsul
 B. bali D. kondur
38. Bapak : "Kadingaren Pur, kok dandan iku arep menyang ngendi?"
 Purwanti : "Badhe sinau klompok wonten ... Agus."
 Kanggo ngganepi ukara kang gothang iku sing trep tembung
 A. gubugipun C. griyanipun
 B. omahipun D. dalemipun
39. ?akSrjwaikucch[aaan
 A. [woluliku/
 B. pituliku/
 C. sel[w
 D. [ro=puluh
40. ?miwhtai=tt
 A. bs C. cr
 B. b]t D. k]m

II. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki manut prentahe ana ing lembar jawab kang cumawis!

41. Tembung-tembung iki asale saka tembung lingga apa?
 a. atine
 b. dikandhani
 c. ngeplak
 d. sumunar
42. Tembung-tembung ing ngisor iki gawenen ukara kang luwes!
 a. gotong-royong
 b. akal pikiran
43. Paugerane/aturane tembang macapat iku ana 3, sebutna banjur terangna!
44. Ukara iki owahana basa ngoko alus!
 Ibu menyang pasar tuku gula, beras, lan bumbon.
45. Tulisen aksara Jawa!
 Bocah sekolah kudu sinau sing tumemen.



PENILAIAN TENGAH SEMESTER GASAL SMP TAHUN PELAJARAN 20.. / 20..

KUNCI JAWABAN

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa K e l a s : VII (Tujuh)

K-13

- | | | | | |
|----|-------|-------|-------|-------|
| I. | 1. A | 11. B | 21. B | 31. C |
| | 2. B | 12. D | 22. A | 32. D |
| | 3. C | 13. A | 23. C | 33. C |
| | 4. C | 14. B | 24. C | 34. C |
| | 5. D | 15. B | 25. C | 35. C |
| | 6. C | 16. C | 26. B | 36. C |
| | 7. A | 17. D | 27. D | 37. D |
| | 8. B | 18. C | 28. B | 38. C |
| | 9. D | 19. C | 29. D | 39. C |
| | 10. C | 20. D | 30. A | 40. D |

- II. 41. Tembung lingga :
- a. ati
 - b. kandha
 - c. keplak
 - d. sunar
42. Gawe ukara :
- a. Ing desaku saben dina Minggu dianakake gotong-royong.
 - b. Manungsa kadunungan akal pikiran minangka sanguning urip.
43. Paugerane tembang macapat :
- Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
- guru gatra = cacahé gatra/larik saben sapada
- guru wilangan = cacahé wanda saben sagatra/salarik
- guru lagu = tibaning swara ing pungkasaning gatra/larik

44. Basa ngoko alus :

Ibu tindak pasar mundhut gula, beras, lan bumbon.

45. Nulis Jawa :

II. ကုမ္ပဏီအသစ်တည်ထောင်မှုအတွက် အချိန်ကန့်သတ်ချက်

